



CONFERENCE DE PRESSE DE LA SOCIETE FOMI SUR LA PRODUCTION ET LA DISTRIBUTION DES FERTILISANTS DU 31/12/2025

Nk'uko turiko turasozera umwaka wa 2025, twashaka dufate akanya nk'abayobozi ba FOMI twipfurize umwaka mwiza Nyenicubahiro umukuru w'igihugu cacu ciza c'uburundi umwaka mwiza wa 2026 n'umuryango wiwe wose, uze ubabere umwaka w'amagara meza maze agume yongereza ingoga zo kurongora atuganisha kumbona kazoza ya 2040-2060.

Tumushimire kandi Nyenicubahiro Umukuru w'igihugu ciza cacu c'uburundi atahengeshaniye gufata mu mugongo FOMI bimwe biboneka. Tumusaba n'ubu ko yobandanya.

Turipfurije kandi umwaka mwiza umukoresha mukuru wacu n'abakozi bose dukorana yaduhaye maze uwumwaka dutanguye uze utubere umwaka w'amagara meza no kugwiza umwimbu.

Twipfurize kandi umwaka mwiza abarimyi bose b'abarundi iyo bava bakagera na mwebwe bamenyeshamakuru mwashoboye gushika ngaha ngo tuganire ibijanye n'ifumbire mur'uwumwaka turiko turarangiza, tubipfuriza umwaka mwiza wa 2026 uze ubabere umwaka w'amata n'ubuki, w'amagara meza no kugwiza umwimbu mu burimyi.

Nshimire kandi Nyenicubahiro Umukuru w'igihugu ciza cacu c'uburundi atahengeshaniye gufata mu mugongo FOMI bimwe biboneka. Tumusaba n'ubu ko yobandanya.

Umwaka rero wa 2025 muri FOMI wagenze neza, ivyo tukaba tubikesha ubwira bw'abakoresha n'abakozi bakora batiziganya.

Ariko naho vyagenze uko nivyagoranye vyarahabaye, ariko bikagenda biratora inyishu guko kirimwo abagabo.

M P

-1-



I. Haraheze imisi tukukirikiranira hafi kumaradiyo no kumbuga yagiho aho abarimye bidogera ihinguriro FOMI ko bataronse ifumbire kurugero gwiza, bamwe ko bagifise ubutike bari gutorerako ifumbire mwirima ryo mucu abandi ubutike bw'agatasi 2026A :

- Twashaka tubamenyeshe yuko icyo kibazo tukizi kandi ko tugikurikiranira hafi, mwibuke yuko Nyenicubahiro umukuru w'ihugururu cacu yafashe umwanya ukwiye wo guhimiriza abarundi kugira bijukire uburimye, akamo rero abarundi barakumvise, indimiro ziragugwa, maze ifumbire ikenewe buri gice c'irima ica iriyongera incuro nyinshi, ivyo bica bituma amafaranga y'agaciro/amadolari yo kugura ibikoresho vyo guhingura ifumbire ariyo (MPI) yiyongera cane kandi igihugu ivyo gishora hanze vyoduhaye ayo madorari bitiyongereye.

Rero ikibazo nyamukuru cabaye niryako kuba ry'amahera y'agaciro atagiye aboneka uko akenewe kugira tuzane icyo dukoresha muguhingura. Ariko turashima ko Reta yagumye ikora uko ishoboye ikaza iraronsa FOMI ayo mahera y'amadorari uko yagenda araboneka.

Rero kurya mubona bigenda kubitoro, kubiyeri no kwifumbire nuko, uko rero ayo madorari izogenda araboneka, niko tuzogenda turahingura twongera tuyishikiriza abarimye. Ikibazo rero sica FOMI ibima ifumbire, n'ikibazo c'igihugu, ayo ma dolare aboneka bukebuke ayo nayo ni Reta iyatanga ntawundi. Tubasabe rero nkabarimye mugumane ukwihangana, ejo niheza.

9

II. Kukibazo kijanye n'abarimyi bidogera FOMI ngo barishe amahera yabo, FOMI ica irayarya none ngo FOMI n'abasuma ngo yabaririye amahera n'ifumbire :

- Vyukuri, twashaka tumenyeshye abarimyi ko aya mahera bariha yaba ayibanze (avance) canke nayakurikira yo kugombora (solde) yose atumbera mukigega ca Reta ntatumbera muri FOMI.

FOMI izoyashikira aruko ibanje kwegeranya mu gihugu cose burya butike abarimyi batoreyeko ifumbire mumazone iwabo, hanyuma ijane izo tike mw'isuzuma ry'ubushikanganji bw'uburimyi ko arinyabwo, murubwo bushikiranganji bagaheza bakatumenyeshya munyuma igitigiri c'udutike tworihisha n'amatoni bijanye, hanyuma tukabona kugira facture yo gusaba kurihwa. Umurimyi atoye ifumbire rero agatanga karya gatike kururya ayitanga muri zone, FOMI izoza kurihwa baza bariko barimbura ivyo barimye. Vyumvikana ko ubutike FOMI irihisha ari ububa bwatangiwe ifumbire gusa.

Menya neza : Twobamenyeshya ko nkubu ifumbire abarimyi batoye mucu riheze 2025C, ntiturarihwa amahera yose y'ubutike twegeranije kandi tugatako tukagira na facture, aho simvuze ayo twatanze mu gatasi 2026A, ayo yo ntiharagera ko twishurwa guko ubutike twatangiye ifumbire buracari mw'isuzumwa. Muvyumve rero ko FOMI atariyo ishingura amahera abarimyi bariha nkuko bamwe bamwe bahora bavyibaza.

III. Muti none ifumbire itangwa gute ?

Amasezerano FOMI ifitaniye na Reta y'uburundi mu mugambi wayo wa PNSEB (Protocole d'entente/PNSEB) biciye m'ubushikanganji bubiri ubw'uburimyi n'ubwubutunzi, arabitomora neza. FOMI itegerezwa guhingura ifumbire igaca iyishikanira umurimyi muri zone. Aho ica ija mububiko bw'uwujwe kuyishikiriza abarimyi muri zone, aho umurimyi amuha agatike yahawe na Reta, nawe agaca amuha ifumbire. Uwo ayitanga muri



zone akaba yashizweho n'abaserukira ubushikiranganji bw'uburimi muntara zakera bafatikanije n'intwari mumakomine yakera. Mumasezerano rero dufitaniye na Reta ntabubiko bwo muntara burimwo ifumbire itegerezwa kwegerezwa abarimi muri zone, ubwo bubiko bwo muntara twaburondeye kugira bitworohereze igikorwa guko ibiduga binini binini bigoye uko vyoca mutubarabara tw'imigenderanire mumazone, arinako gituma twarungitseyo abakozi ba FOMI muntara aho aribo bayishikiriza aho bo mumazone. Aho rero si abakozi ba FOMI nk'uko bamwe bavyibaza.

IV. Amasezerano FOMI igiriranira na Reta aba yubatswe gute ?

Mumasezerano FOMI igiriranira na Reta buri sizeni ry'irima, haba harimwo ibiharuro fatiro (Prévisions en T) vy'ifumbire izokenerwa mu gihugu kumarima y'umwaka /saison ABC. Ariko hakerekanywa buri gice c'umwaka w'irima amatoni n'ubwoko bw'ifumbire bizokenerwa. Ariko rero ibiharuro vy'ukuri vy'ifumbire biza kuboneka abarimi bahejeje kuriha amahera y'ibanze (avance), gutyo ubushikiranganji bw'uburimi buheje kuvyegeranya, bugaca buha FOMI ibiharuro vy'ifumbire vy'ukuri abarimi basavye. Kandi kenshi bikunda kuza biri hejuru bisumba bimwe vyari vyarategekanijwe mumasezerano. Iciza c'ivyo biharuro nyakuri vyavuye mu barimi n'uko biza bitanga umuco ingene ifumbire ingana intara ku ntara, ikomine kw'ikomine. Ariko naho biba biri hejuru, ubushikiranganji buca busaba FOMI guhingura icyo fumbire yose irengeye ifumbire yitegurirwe. Ibibazo bica bihera ahonyene :

Mbega ivyo birengako ko munteguro atavyarimwo bica bigenda gute ?

Mbega amahera y'agaciro ko munteguro atavyarimwo bica bigenda gute ?

M

Q

- 4 -



Ubundi yaba amahera yo kugura hanze ivyo dukoresha yaboneka kandi kugihe ntakibazo cobaye kuko **FOMI ifise ubushobozi bwo guhingura amatoni ari hagati y'amajana 800 n'1000 k'umusi.**

Ari naho Reta ica yongereza ubu tike bw'abarimyi kubwari butegekanijwe kuko abarimyi baba basavye vyinshi. Kubera ko amahera akenewe uwomwanya aca asumba ayategekanijwe mumasezerano bica biba ngombwa ko haba impinyanyuro, kugira bikunde Reta irihe FOMI iyo fumbire irenze ivyanditse mumasezerano, haca haba ico **bita avenant** kugira bandikemwo yafumbire yarengako kuyategekanijwe gutyo bikunde ko FOMI iheza ikishuza yisunze yamasezerano yinyongera ariyo **avenant au protocole.**

Ari bimwe mwumva umushikiranganji w'ubutunzi yavuga ko atumva kandi ari ibintu vyoroshe kumva. None FOMI yayirengejeko kandi ibisabwe na Reta yoreka kwishuza vyagenze gue ? N'uburenganzira bwayo guko amasezerano aba atomoye kanatsinda imyaka dukoranye kuva 2019 ni myinshi dukorana neza cane.

Akarorero birya umushikiranganji w'ubutunzi aheruka gushikiriza abubahwa twitoreye bijanye na avenants, ifumbire FOMI yatanze mumwaka wirima wa 2024C na 2025ABC aho twasabwa muri yamasezerano gutanga ifumbire ingana **222 027,125 T** Reta ica idusaba ko dutanga **245 791,025T** nukuvuga ko harenze **23736,9T**. None ko Reta ariyo yadusavye ko tuyitanga mwumva yoreka kuriha FOMI vyagenze gute. Kugira rero bikunde ko Reta iriha bica bica muyandi masezerano yinyongera kuramwe yambere ariyo avenant au protocole mugifaransa. None mwumva aho ikitumvikana ari ikihe ? Rero ningombwa ko Reta iriha FOMI iyo fumbire Reta nyene iba yadusavye ko tuyirenzako uravye ibiri mumasezerano y'ibanze.

M *Q*



None iyo fumbire hoho badusaba kurenzako itari mumasezerano y'ibanze tuba twayikuye he ?

Twobamenyesha yuko FOMI dufise imigenderanire myiza nabo dukorana murudandazwa mumahanga (**Fournisseurs**) kuburyo baduha umukopo hanyuma uko Reta ironse amadorari ikaduha tukagenda tubariha bukebuke. Ariko rero nka FOMI turabona abarundi bamwe bamwe mubandaniye mutuvuga uko tutari aho kudushigikira murutwo twigoro, ejo bishobora kugorana kuko ivyo muvuga birabashikira, nabo batwizera bazohave badukurako amaboko kubera ko amajambo nkayo atari meza avugwa n'abari kudushigikira, hanyuma abambere bazohahombera n'abarimyari hanyuma igihugu.

Mugusozera

Dusabe abarundi muri rusangi mubandanye mudushigikira mureke gutiza umurindi abadashaka ko twerekeza muri yambona kazoza 2040-20260 kandi twari twamaze gufata umurongo.

Na cane cane ko Imana yariko iradufasha mugushinga icumu mumashinga aho turiko turarahurira ubuhinga ibihugu duhana imbibe, igihugu kizohungukira vyinshi.

Dusabe Reta ko yobandanya idushigikira uko isanzwe iriko irabikora neza kugira amahera y'amadorari aboneke kurugero gwiza gutyo bikunde abarimyari baronke ifumbire ikwiye kandi kugihe. Gutyo n'abafise ubutike bw'ibirarane baronswe ifumbire yabo.

Tukaba turangije twizeza abarimyari ko turi kumwe twese ko ibintu bizogenda neza ko nibirarane vy'ifumbire bihari bazobironka vuba kuko Reta ni umuvyeyi aguma aramira abana biwe.



Fertilisants Organo - Minéraux Industries

Certifiée ISO 9001, ISO 14001, ISO 45001



FOMI ikaba iguma yuguruye imiryango kuruyo wese yipfuzako kumenya uko ivyifumbire bigenda kandi isaba n'ubushikiranganji bw'ubutunzi hari ivyo budatahura kubijanye n'ifumbire ko boheza bagashiraho umugwi uhurikiyemwo abo vyega bose hanyuma tukabiganira, amakenga agahera.

Imana ihezagire abarundi n'uburundi

Murakoze

Bigiriwe i Bujumbura, kw'igenekerezo rya 31 kigarama 2025

Icegera c'Umuyobozi Mukuru wa FOMI

Umuyobozi Mukuru wa FOMI

MANYANGE Herménégilde

NTIRAMPEBA Simon

